**Өтпектесиз шақмақтай зыңлап**, Өмиримниң өткеллери. [4].

Бул қатарларда гүздеги шақмақтың тез шағыўы менен өмирдиң тез көзди ашып жумғанша өтиўи қатар қойылған.

**Жапырақлардай шырайы ушты,**
Ҳүўлеп қалған көңил-бағымның. [4].

Бул қатарларда гүздеги жапырақтың солғын ҳалға түсиўи ҳижранлы инсанның дәртиниң асыўы, нәтийжеде солғын кейпиятта болыўы менен теңлестирилген.

Әзийзим, сен басқаларға бол әрман,
Күлки мәңги айрылмасын жүзиңнен,
Сен болмасаң сарғаярман, соларман,
**Жапырақлардай шақасынан үзилген** [4].

Бул қатарларда гүздеги шақасынан үзилген жапырақ пенен ярынан айырылған ашық қатар қойылған.

Шайыр Ж.Избасқанов қыс мәўсимин инсан өмириндеги қәўетер, жатсыныў, тәшўишлениў сыяқлы сезимлери менен қатар қойса, оның тийкарғы элементи болған қардың кеўил пәклиги, гирбиңсизлиги менен тең екенлигин көрсетеди.

Тәшўиш салар **январдың леби, Жат алақандай** [4].

Шайыр бул қатарларда жақында келген январдың таныс болмаған суўық лебин таныс емес жат алақанға мегзеткен.

**Қыс қарындай борап келгенде**, Бир басыңа небир ғәремет, [4]

Шайыр бул қатарларда инсан басына бирден күтилмегенде түскен күлпет пенен борап келип қалған қарды қатар қойған.

Бул-әййемги Эол тарындай,
Бәлки, Тәңирим садасы шығар?!
**Жыр-гирбиңсиз қыстың қарындай,**
Бурқасынлап –қуйып, басылар… [4].

Бул қатарларда шайыр аппақ, дақсыз, ҳеш из түспеген қар менен жаңа дөрелген, ҳешкимниң нәзери түспеген жырды қатар қойған.

**Из түспеген түндеги қардай,**
Таза болсын бизиң жанымыз.
Мухаббеттен нурлы жанардай
Алтынланып атсын таңымыз [4]. .

Ал, бул қатарларда аппақ қар менен инсан жүрегиниң тазалығы қатар қойылған.

Сени аңсап ҳәрдайым, **Киятырман қардайын,**
Бауырыма бассам деп! Әтирап-аппақ, Аспан-көк!... [5].

Жерди ийелеуге ҳәрекет етип киятырған қар менен ярына ериспекши болған ашық қатар қойылған.

Жуўмақлап айтқанда, көркем әдебият басқа әдебиятлардан көркемликке ийе болыўы менен айырылып турады. Оның «көркем әдебият» дәрежесине жетиўи көркем сөз арқалы болады. Көркемлиги жоқ сөзлер күнделикли сөйлесиўде қолланылатуғын шийки сөз. Оны писирип, қайта ислеп көркемлик дәрежеде инам ететуғын –бул шайыр. Ж.Избасқанов сондай шайырлардың бири-ол әпиўайы биз елестире бермейтуғын деталларды да көркем деталға айландыра алады. Бул орында ол теңеўлерден, әсиресе «пейзажлық теңеў»лерден утымлы пайдалана алған.

Ҳәзирги ўақыттағы қарақалпақ тил билиминиң алдында турған әхмийетли ўазыйпалардың бири қарақалпақ шайыр, жазыўшыларының көркем тилин лингвопоэтикалық бағдарда изертлеў болып табылады. Ж.Избасқанов өзине тән стили қәлиплескен, сөз таңлаў шеберлиги жоқары, талантлы шайырларымыздың бири. Оның шығармаларының көркем тилин изертлеў арқалы бүгинги қарақалпақ поэзиясының көркем-эстетикалық дәрежесиниң қаншелли дәрежеде жоқарылағанын аңлаў мүмкин.

**Әдебиятлар**


1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика. – Нөкис: 2019, 24-б.
2. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили. –Ташкент: 2006, 164-б.
3. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: 2004.
4. Избасқанов Ж. Ақ қуслар. –Нөкис: 2014.
5. Избасқанов Ж. Мухаббат лирикасы. –Нөкис: 1992.
6. Қайыпов Ә. Жийенбай ҳәм апрель жаңбыры... – Нөкис: 2019.



**РЕЗЮМЕ**

Бадиий асар тилини ўрганувчи – «лингвопоэтика» филологик йўналишнинг янги бўлими сифатида ривожланмоқда. Бадиий асарнинг поэтик тили барчани қизиқтира олган, бугунги лингвопоэтиканинг асосий ўрганиш обьектидир. Тўлиқ контекст, сўз ва образ, образлилик, эстетик онг – буларнинг барчаси муаллиф фикрининг аниқ ифодаланишига ёрдам беради.

**РЕЗЮМЕ**

«Лингвопоэтика» как новый раздел филологических наук, изучающий язык художественной литературы, была введена нашими филологами. Поэтический язык произведения искусства интересовал всех, основной предмет изучения современной лингвопоэтики. Полный контекст, слово и образ, образы, эстетическое сознание - всё это помогает сделать точку зрения автора привлекательной.

**SUMMARY**

"Linguistic poetics" as a new branch of philological sciences, studying the language of fiction, was introduced by our philologists. The poetic language of the work of art are interested everyone, the main subject of the study of modern linguistic poetics. The full context, word and image, images, aesthetic consciousness - all this helps to make the author’s point of view attractive.


## ГАЗЕТА МАҚАЛАЛАРЫНА ТЕМА ҚОЙЫЎДЫҢ ТЕОРИЯЛЫҚ МӘСЕЛЕЛЕРИ


**Д.Курбаниязов –** *еркин излениўши*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** мавзу, мавзу моҳияти, тадқиқот вазифлари, мақола, назария.
**Ключевые слова:** заголовок, определение темы, функции темы, статья, теория.
**Key words:** title, topic definition, functional topics, article, theary.


Күнделикли баспасөз оқыўшыларының жәрияланған информацияларды қабыллаўы еки басқышлы болады. Биринши басқышта өзин қызықтыратуғын ўақыялар, фактлер ҳәм т.б. туўралы мағлыўмат алыў ушын газетада жәрияланған белгили бир мақаланы таңлайды. Екинши басқышта сайлап алынған текст туўралы ойлайды ҳәм қабыллайды. Мақала арқалы берилген информация деталластырылады, анықлық киргизиледи, расшифровка жасалады. Информацияны жеткериў ҳәм қабыллаў усыллары бойынша үш топарға ажыратып қараў мүмкин. Биринши топарға оқыўшыға бағдарланған вербал қураллар киреди. Оларға анонслар, рубрика, тема, киши анонслар, эпиграфлар киреди [1].

Тема оқыўшыға бағдар бериўши ең әхмийетли қураллардың бири есапланады. Газета мақаласының тийкарғы компоненти болып, ол бизиң дыққатымызды өзине тартады, мақала туўралы дәслепки информацияны өзинде сәўлелендиреди.

Теманың шеберлик пенен қойылыўы оқыўшының мақаланы дәрҳал сол ўақытта оқыўы ямаса кейинге қалдырыўына себепши болады. Сонлықтан да мақаланың тексти тема арқалы анықланады, тема күшли позицияны ийелейди.

Газета темалары, тийкарынан, үш хызмет атқаратуғыны белгили: номинатив хызмет; информатив хызмет ҳәм прагматикалық хызмет. Газета мақаласының мазмуны ҳәм формасы улыўма коммуникативлик ҳәм газета мақаласының прагматикалық бағдарланғанын сәўлелендиреди. Газета темасының прагматикалық өзгешелиги оқыўшыға бағдарланғанлығы болып табылады, мақаланың өзиниң текстине салыстырғанда темада әдеўир дәрежеде анық сезиледи. Илимий әдебиятларда «тема» түсинигине ҳәр қыйлы анықлама бериледи. Бираз ўақытлардан берли тилшиилимпазлар газета темасына анық ҳәм дурыс анықлама бериўге умтылып келмекте. Рус тил билиминде газета темасын изертлеўге арналған көплеген мийнетлер дөретилген. Илимпаз Л.А.Манькова тема - бул системаға киретуғын басқа компонентлер менен тығыз байланыслы тексттиң бир компоненти екенлигин айтады.

Тема стилистикалық күшли позицияны ийелейди, текстти атайды ҳәм ол ҳаққында дәслепки информацияны береди. Газета темасы позициясында ҳәр қыйлы синтаксислик бирликлер - синтаксема, сөз дизбеги ҳәм гәп қолланылады [2].

В.Г.Костомаров газета темаларын «публицистикалық сөйлеўдиң айрықша жанры» сыпатында қарайды ҳәм оның өзгешелиги айрықша «рекламалық функция» атқарыўында деп есаплайды [3].

Илимпаз И.А.Сыровтың анықламасы бойынша, газета бетлериндеги темалар тексттиң атамасын билдиретуғын синтаксислик дүзилиске ийе, тексттиң мазмунын туўра ямаса қосымша түрде көрсетиўши, бир сөйлеў бирлигин басқасынан шегаралайтуғын тексттиң басындағы позицияда қолланылатуғын коммуникатив бирлик [4].

Ю.А.Белова «тема» түсинигине төмендегише анықлама береди: «Тема-тилдиң вербал ҳәм вербал емес қураллары менен аңлатылған, салыстырмалы автосемантикалыққа ийе, абсольют бас позицияда қолланылатуғын, тексттиң барлық элементлери ушын ортақ, текстти атап ҳәм сыпатлайтуғын, мазмунды болжайтуғын текстти интерпретациялап, оған қосымша мәни беретуғын графикалық жақтан ажыралып туратуғын тексттиң таңбасы есапланады [5].

Илимпазлардың пикирлеринен көринип турғанындай, тема тексттиң компоненти есапланады, синтаксислик дүзилиске ийе, тексттиң мазмунын туўра ҳәм қосымша түрде көрсетеди. Илимий әдебиятларда теманың тийкарғы түсинигин анықлаўдан басқа газета темаларының хызмети туўралы ҳәр қыйлы пикирлер билдирилген.

Г.О.Винокур өзиниң «Фейил ямаса атлық» мийнетинде газета темаларының үш түрли хызмет атқаратуғынын жазады: 1) анлатыўшы; 2) көрсетиўши; 3) теманың рекламалық хызмети. Ол өзиниң усы изертлеўинде теманың атқаратуғын хызмети ҳәм мәниси туўралы айта келип, оның тийкарғы хызмети ўақыяны көрсетиў ҳәм аңлатыў ушын хызмет ететуғынын билдиреди. Ол сондай-ақ, теманың рекламалық хызметине айрықша дыққат аўдарып, оның тийкарғы ўазыйпасы оқыўшының дыққатын өзине тартыўда рекламалық хызмет атқаратуғынын айтады [6].

Илимпаз В.П.Вомперский газета темаларының төрт түрли хызмет атқаратуғынын көрсетеди: а) коммуникатив; б) аппелятив (тәсир етиўшилик); в) экспрессив; г) графикалық-ажыратыўшылық. Газета темаларына коммуникативлик хызмет тән, себеби тема сөйлеў предмети ҳаққындағы хабарды аңлатыў хызметин атқарады. Газета темалары аппелятив тәсир етиўшилик хызмет атқарады, яғный мақала тиккелей оқыўшылар аудиториясына бағдарланған болады.

Мақала темасы сөйлеў предметиниң мазмуны ҳаққында оқыўшыға тек информация жеткерип қоймайды, ал оқыўшыға белгили дәрежеде тәсир жасап, оқыўшының баянланып атырған хабарға деген социаллық қатнасын қәлиплестиреди. Газета темаларына экспрессивлик хызмет тән, ол жазыўшы шахсын сыпатлайды. Мәселеге авторлық көзқарасты сәўлелендириў арқалы экспресивлик хызмет күшейеди. Мақала темасы графикалық-ажыратыўшылық хызмет атқарады, яғный газета полосасында бир материалды екинши материалдан шегаралап, ажыратып турады [7].

В.Г.Костамаров газета темаларының, тийкарынан, еки функциясы болатуғынын айтады: 1) рекламалық хызмети; 2) көрсетиўши-атаў хызмети [8]. Ал, илимпаз А.С.Поповтың пикиринше, газета темалары тийкарынан үш түрли хызмет атқарады: 1) Номинатив ямаса атаў хызмети; 2) информациялық, хабар жеткериў хызмети; 3) рекламалық хызмети.

А.С.Попов мақала темаларының бул хызметлерин кең түрде анализлейди, әсиресе информациялық хызметине айрықша тоқтаған. Информациялық хызметине теманың директивалық ҳәм эмоциональлық функцияларын киргизеди, яғный газета оқыўшысына теманың эмоциальлық ҳәм рәсмий тәсир ететуғынын көрсетеди [9].

С.П.Суворов газета мақалалары темасының төмендеги функцияларын атап өтеди: а) бир хабар ямаса бир материалды кейингисинен ажыратады; б) анаў ямаса мынаў материалға оқыўшының дыққатын аўдарады; в) материалдың тийкарғы мазмунын қысқа түрде хабарлайды; г) оқыўшының қызығыўшылығын оятады; д) оқыўшыға белгили дәрежеде эмоциональлық тәсир етеди. Биринши функциясы ажыратыў хызметин атқарады, ол автордың көрсетиўинше, тиллик емес графикалық қураллардың жәрдеминде әмелге асады, ал екинши функциясын әмелге асырыў ушын полиграфиялық қураллардың көлеми, формасы ямаса шрифттиң бояўы белгили хызмет атқарады [10].

В.С.Мужеваның пикиринше, тема, тийкарынан, төмендеги хизметти орынлайды: а) номинатив хызмет; б) информациялық (мағлыўмат бериў, хабар жеткериў) хызмет; в) экспрессив-аппелятив (тәсир етиўшилик) хызмети; д) ажыратыў, айырып көрсетиўшилик хызмет. Ол бул тоқтамға инглис, француз, рус тилиндеги материалларды терең үйрениў тийкарында келеди. В.С.Мужева теманың жоқары да көрсетилген функцияларын үйренип, теманың барлық функцияларына тән белги олар белгили дәрежеде бир-бири менен байланысқан ҳәм өз ара тәсир ететуғынын анықлайды. Егер теманың бир функциясы үстинлик етсе, соған сәйкес басқа функциялары екинши планға шығады ямаса улыўма жоғалады. Сондай-ақ, публикацияның түри ҳәм баянлаў стилине байланыслы теманың бул функцияларының әҳмийетлилик дәрежеси ҳәм қолланылыўы ғәрезли болады [11]. Бул тараў бойынша дөретилген илимий мийнетлерди үйрениў барысында газета темаларының атқаратуғын хызмети туўралы илимпазлардың пикирлери бирдей емеслигин көриў мүмкин. Л.А.Ноздрина ҳәм Э.И.Турчинскаялардың пикири В.С.Мужеваның пикирине сәйкес келеди.

Л.А.Ноздрина тема бир неше функцияларды атқаратуғынын айта келип, ол қәлеген тексттиң жоқарғы шегарасы екенлигин, газетада жәрияланған материалдың мазмуны онда сәўлеленетуғынын реципиент (яғный оқыўшы) мақала менен танысыўдың басында темаға дус келетуғынын айтады. Л.А.Ноздрина тексттиң темасын текстте теманың атқаратуғын функциясын түсиндириўши оның мазмунлық доминанты сыпатында қарайды.

Ол теманың төмендеги функцияларын көрсетеди: а) номинатив хызмет; б) информациялық (хабар жеткериўшилик) хызмет; в) экспрессив хызмет; г) аппелятив хызмет; д) рекламалық хызмет; е) исендириў, та-

стыйықлаў хызмети; ж) конспектив хызмет; з) ажыратыўшылық ямаса делимитивлестириў хызмети [12].

Тема атқаратуғын функциялар тексттиң қайсы жанрға тийисли екенлигинен ғәрезли болады. Тексттеги теманың ўазыйпасы ҳәм хызмети бойынша илимпазлар тәрепинен билдирилип атырған ҳәр түрли пикирлер ҳәр бир функциональ стильге тән болған тийкарғы белгилерге нәзер аўдарылса өз-өзинен айқынласады. Мәселен, рәсмий ис қағазлары стилинде тема номинатив хызмет атқарады, яғный тексттиң әпиўайы атамасы хызметин атқарады. Ал, көркем әдебий шығармаларда көркем дөретпениң атамасы тексттиң әпиўайы атамасына салыстырғанда әҳмийетли хызмет атқарады. Ол тексттиң бир бөлими. Бул ҳәр қандай көркем шығармада теманың атқаратуғын функцияларының қурамалы комплекси ҳәм мәнилик ўазыйпалары тийкарында тастыйықланады.

Э.И.Турчинскаяның пикиринше, ҳәтте тийкарғы функциясы хабарлаў ҳәм тәсир етиўшилик болған газета-публицистикалық стильде тема публицистика жанрларынан ғәрезли болады. Информациялық жанрларда хабарлаў хызмети баслы орында турады. Бас мақалада информация исендириўшилик-шөлкемлестириўшилик сыпатта болады, ал фельетон ҳәм памфлетлерде тәсир етиўшилик функциясы баслы орынға шығады. Автордың көрсетиўинше, ҳәр қандай тема жанр ҳәм тексттиң стилинен ғәрезсиз тийкарғы үш хызмет атқарады: а) тексттиң жанры ҳәм характери туўралы оқыўшыға хабарлайды; б) тексттиң мазмуны туўралы мағлыўмат береди; в) текст пенен танысыўға оқыўшыны қызықтырады.

Биринши ҳәм екинши функция теманың информациялық функциясын кең түрде түсиниўге байланыслы. Бул ҳалатта тема тек ғана затлық логикалық информацияны жеткериў менен шекленбейди, ал оның мазмуны менен байланыслы, тексттиң түри, характери ҳаққында информация береди [13].

Қулласы, тил билиминде газета мақаларына тема қойыўдың теориялық мәселелери әдеўир дәрежеде изертленген. Ал, қарақалпақ тил билиминде бул мәселе елеге шекем изертленбеген, изертлениўи зәрүр актуал мәселелердиң бири. Қарақалпақстанда жәрияланатуғын газета материаллары тийкарында бул теманы арнаўлы түрде изертлеў қарақалпақ халқының миллий менталитетине байланыслы газета материалларына атама қойыўда қандай өзгешеликлер бар екенлигин, оның семантика-структуралық ҳәм стилистикалық өзине тәнлигин анықлаў мүмкиншилигин береди.

**Әдебиятлар**


1. Александрова А.И., Васильев С.Л. Ориентирующая функция газетного заголовка как ключевой компонент его прагматики // Вестник Балтийского федерального университета им.И.Канта. -2014. Вып.8. -С.62-67.
2. Манькова Л.А. Лингвистическая типология газетных заголовков (90-е годы XX века). Дисс….канд.фил.наук. – Симферополь: 2000, -С.192.
3. Костомаров В.Г. Из наблюдений над языком газеты: газетные заголовки. // Из опыта преподавания русского языка не русским. –Москва: “Мысль”, 1965.
4. Сыров И.А. Функционально-семантическая классификация заглавий и их роль в организации текста // Филологические науки. –Москва: 2002, -С.116.
5. Белов Ю.А. Смысл газетного заголовка: трудности интерпретации. // Вестник Башкирского университета. 2013. Т. 18. №3. –С. 794-796.
6. Винокур Г.О. Глагол или имя. –Москва: «Русская речь», 1928, №3.
7. Вомперский В.А. И изучению синтаксической структуры газетного заголовка. // Тезиси докл на республикан.наук.конференции. –Алма-ата: 1966. –С. 82-85.
8. А.С.Попов. Синтаксическая структура современных газетных заглавий и её развитие. // Развитие синтаксиса современного русского языка. –Москва: 1966, -С. 95-126.
9. Суворов С.П. Особенности стиля английских газетных заголовков. // Язык и стиль. –Москва: “Мысль”, 1965.
10. Мужев В.С. О функциях заголовков // Вопросы романо-германской филологии. –Москва: 1970. Вып. 55. –С. 86-94.
11. Ноздрина Л.А. Заглавие текста Грамматика и смысловые категории текста: Сб.науч.труд. им.М.Тореза. –Москва: 1982. Вып. 189. –С. 183-200.
13. Турчинская Э.И. Соотношение заголовка и текста в газетно-публицистическом стиле. // Лингвистика текста и лексикология. Сб.наук трудов МНПИИЯ им.М.Тореза –Москва: 1984. Вып. 234. –С. 134-146.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада газета мавзулари тадқиқига мурожаат қилинган. Мақола сарлавҳалари бўйича таърифлар ўрганилган ва унинг бажарадиган вазифалари аниқланган. Қорақалпоқ тилшунослигида газета мавзуларини семантик-структур ва услубий тадқиқ этишнинг зарурияти асосланган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье даётся обзор исследований посвящённых изучению газетных заголовков. Приводятся определения заголовков и рассматриваются функциональные особенности заголовков. Отмечается необходимость исследования в каракалпакском языкознании газетных заголовков в семантико-структурном и стилистическом аспектах.

**SUMMARY**

The article reviews the study of newspaper headlines. There are given the definitions of headings and functional features of headings. It is emphasized the necessity of the research in the Karakalpak linguistics of newspaper headlines on the semantic-structural and stylistic aspects.


## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАЗАҚ СӨЙЛЕСИМИНДЕ УШЫРАСАТУҒЫН АРАБ-ИРАН ТИЛЛЕРИНЕН КИРГЕН СӨЗЛЕР ҲАҚҚЫНДА


**Ы.А.Қуттымуратова –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
**Г.Б.Базарбаева** - *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** диалект, шева, адабий тил, термин, луғат.
**Ключевые слова:** диалект, говор, литературный язык, термин, словарь.
**Key words:** dialect, accent, literary language, term, dictionary.


Тарийхый дереклерге нәзер тасласақ, Қарақалпақстан Республикасында жасайтуғын қазақлардың туўысқан тиллес халықлар есапланған өзбек, түркмен, қарақалпақлар менен көп дәўирлерден берли бирге жасап киятырғанын көремиз. Соның нәтийжесинде, бул жердеги қазақлардың тили тиллик, этнографиялық өзгешеликлерге ийе. Бул аймақтағы қазақлардың тилинде әсиресе, қарақалпақлардың тилиниң тәсири жүдә күшли сезиледи. Себеби, олар басқа миллет ўәкиллерине қарағанда көбирек қарақалпақлар менен аралас жасайды. Аймақтағы қазақлардың тилине басқа тиллердиң тәсириниң еки жағдайын көрсетиўге болады. Бириншиден, жергиликли қазақлардың өзбек, түркмен ҳәм қарақалпақлар менен қоңсылас отырыўы нәтийжесинде болса, екиншиден бул сөйлесимге басқа тиллердеги сөзлердиң тиккелей емес, ал қазақ тилиниң басқа диалектлери ҳәм сөйлесимлери арқалы өтиўи болып